# O’zbekstan respublikasi awil ha’m suw xojalig’i ministirligi
# Tashkent ma’mleketlik agrar universiteti Nokis filiali
# «Zootexniya» fakulteti

## « Zootexniya »qanegeligi
## 3a–kurs studenti

**«Zoogigiena» pa`ninen**

# R E F E R A T

**Orinlag`an:** **Berdimuratov. A.**

**No`kis-2015**

## HAYWANLARDI JAYLAWDA BAG`IW GIGIENASI.

**Reje:**

1. Haywanlardi jaylawda bag`iwdin` gigienaliq ha`m ekonomikaliq ta`repten a`hmiyeti.
2. Tu`rli haywanlar ushin jaylaw tan`law ha`m jaylawdan paydalaniw.
3. Haywanlardi jaylawg`a o`tkiziwge tayarlaw.
4. Shirkeylerge qarsi gu`res ila`jleri.

**Tayanish so`zler:**

Jaylaw tu`rleri, saqlaw usillari, na`silliligi, shirkeyler olarg`a qarsi gu`resiw, biologiyaliq deha`mstatsiya, zagon, elektroshopan h.t.b.

Haywanlardi qista imaratlarda bag`iwg`a qarag`anda jaylawda jaylawda bag`iwdin` paydali ta`repleri ju`da` u`lken. Haywanlardan alinatugin o`nimlerdin` baxasi arzanlastiriladi, sawligin jaqsilaydi. Jaqsi jaylaw en` arzan ha`m paydali ko`k aziqqa bay boladi.

Haywanlar jaylawda erkin, taza hawada juredi, quyash nurlari organizm funktsiyalarina paydali ta`sir qiladi, zat almasiyain tezlestiredi, jas orgaizm su`yeklerinin` o`siwine mu`skil, teri, o`pke, ju`rek ha`m basqa jumislarin jaqsilaydi. Jaqsi jalawda haywanlar qa`legenshe tez sin`iriletugin ko`k sho`p, proteynge mineral zatlarga mikroelementler ha`m vitaminlerge bay aziqlar menen aziqlanadi. Na`tiyjede olardin` o`nimdarligi ko`beyedi, organizm bekkem pisedi ha`m ha`r qiyli kesselliklerge shidamli bolip jetilisedi. Jaylaw sharayatinda haywanlardi bag`iw ha`m saqlaw tuberkulyoz, raxit, osteomalyatsiya, avitaminozlar, ishek ha`m asqazan qatarlari keselliklerinin` aldin aliw en` tiykargi usilidur. Erkek haywanlarda jinsiy organlari jumisin normallastiradi, sperma islep shig`ariw ha`m sipatin jaqsilaydi, urg`ashi haywanlarda bolsa ku`yge keliwi na`sil beriwin jaqsilaydi, tuwiw an`satlasadi,tuwiwdan keyingi kesellikler kem boladi ha`m tuwilg`an bala deni saya o`siwshen`, shidamli boladi. Jaylawda saqlawda, jaz dawaminda jas o`simlik jeterli ko`p bolsa g`ana paydali boladi. Ta`biyiy o`simlikler jetispese hayyaanlar toyip aziqlanbaydi, o`nimi pa`seyedi ha`m ha`r qiyli kesselliklerge shidamsiz bolip jetilisedi. Ha`r qiyli kesellikler menen kesellenbesligi ushin haywanlardi jaylawg`a aydawdan aldin olardi ha`m jaylawdi tayarlaw kerek. Jaylawda haywanlardi saqlaw tuwri payda etilse veterinariya – sanitariya, zootexniya ha`m xojaliq is-ila`jlerin o`tkiziw an`sat boladi. Jaylawlarda o`setug`in o`simliklerge xa`m ta`biyiy sharayatqa qarap ba`ha`rgi, jazg`i, gu`zgi, qisqi ha`m jil dayaaminda paydalanilatugin jaylawlarg`a bo`linedi.

Haywanlardi jaylawda saqlaw to`mendegilerge bo`linedi:

Statsionar usil – bul usilda haywanlardi malxanadan uzaq bolmag`an jaylawda bagiladi, keshqurinlari malxanag`a qamaladi.

Lager – jaylaw usili- bunda haywanlar jaqsi jaylawlarda, lagerde saqlanadi.

Stoyla – lager usili – bunda haywanlar jaqsi u`skenelengen lagerde saqlanip, ko`k atlardan konveyr ushin paydalaniladi.

Uzaq jaylawda bag`iw – bul pasilli jaylaw bolip, xojaliqtan uzaqta bolip jil dayaaminda paydalaniladi.

Jaylawlar ta`biyiy ha`m jasalma tu`rlerge bo`linedi. Ta`biyiy jaylawlarda tiykarinan ko`p jilliq jabayi o`simlikler o`sedi, jasalma jaylawda bolsa bir jilliq yaki ko`p jilliq o`simlikler tuximi egiledi. Ko`pshilik jaylawlarda ta`biyiy ta`biyiy o`simlikler az bolip yaki aziq toyimliligi jaramsiz bolg`anlig`i ushin jasalma jaylawlar ko`beyttirilmekte, ferma a`tiraplarina ma`deniy atlar egilmekte. Jasalma jaylawlardi jaratiyada ta`biyiy sharayat ha`m topiraqtin` du`ziliwine qarap o`simlikler tuximin tan`law kerek. Jaylawlarda tuwri paydalanilsa ha`m ma`deniy ko`p jilliq o`simliklerge jaqsi qaralsa olardan alinatug`in o`nim ko`beyedi yag`niy ha`r 1 ga dan 40-60

aziq birligin aliw mu`mkin. Bunday jaylaw atlarin orip beriw ha`m, usinday zagonlarg`a bo`lip bag`iw da mu`mkin. Bul bolsa haywanlardan alinatugin o`nimlerdin` sipatin jaqsilaydi ha`m ko`beyttiredi. Jaqsi ha`m o`simlikke bay jaylawda shaxli haywanlardi ku`nine 8-10 saat bag`iw jeterli boladi, yaki saat 5-6 saattan 10-11 saatqa shekem ha`m 16-17 saattan 20-21 saatqa deyin jildin` ma`wsimine qarap haywanlardi bag`iw ta`rtibin o`zgertiriw kerek. Ma`selen: ba`ha`r ha`m gu`zde tu`ski demdi qisqarttiriw ha`m azanda keshlew shig`iw ha`mde keshqurin erterek jaylawdan shig`iw kerek. Ku`nnin` issi waqtinda bolsa salqinda bag`iw ju`da` jaqsi.

O`simliklerdin` botanikaliq ta`rtibi, jerdin` ta`biyiy sharayati, jaylawdin` uzaq jaqinlig`ina qarap ha`r qiyli haywanlar ushin bir tu`rdegi jaylaw tan`lanbaydi.. iri shaxli haywanlar ushin jaqsisi o`simliklerge bay biyik o`sken da`nli ha`m sobiqli o`simlikler ha`m jasalma jaylawlardan paydalang`an maqul. Su`t beretug`in siyirlar ha`m buzawlardi da`mli jerlerde o`setug`in kem toyimli atlarg`a baqpag`an jaqsi. Sebebi bul o`simlikler arasinda ziyanli ha`m za`ha`rli o`simlikler boliwi mu`mkin. Batpaq jer topirag`inda Sa, R, So, Si ha`m basqalar kem boladi. Na`tiyjede haywanlar osteomalit anemiya, ha`m lizuxa kesellikleri menen kesellenedi. Tog`ay xa`m qalin` putaliqlar tu`binde o`sken atlarda kem toyimli boladi, ha`mde haywanlardin`, terisi, tuyag`i, jelini, ko`zleri tiliniwi mu`mkin. Terekler japirag`in, simolali shaxalardi jew sebepli asqazan ishek kesellikleri, bu`yrek shamallawi ha`diyseleri boladi. Shirkeyler ko`p bolip, haywanlar ko`p kolaysizlanadi, jug`imli qan kesellikleri tarqaladi.

Qoy ha`m eshkiler ushin, qurgaq, shan`siz, mayda ha`m qalin` o`sken ha`r qiyli otli jaylawlar jaqsi. Bular ushin tawli ha`m sho`l jaylawlardan jaqsi paydalaniladi. Qoy eshkiler ushin shor ha`m batpaq jaylawlar mu`mkin emes. Sebebi bunday sharayatda inha`mzion ha`m tuyaq kesellikleri ko`beyedi. Tikenli o`simlerdi pisken waqtinda, onday jaylawlarda bag`iw mu`mkin emes. Olardin` tikeni ha`m tuximlari qoylardin` ju`nine jabisip pataslandiradi, terilerin jaralaydi, ha`tteki bulshiq et qabatlarina da kirip ketip haywanlardin` nabit boliwina alip keledi.

Shoshqalar ushin salqin ha`m Terek tamirlari ko`p jaylaw jaqsi boladi. Buwaz ha`m balali shoshqalar ushin jasalma jaylawlar, qaysidur bede, jon`ishqa ha`m suli egilgen jerler paydalidur.

Atlar ushin qurg`aq ha`m qatti, biyklew, ju`da` o`sik o`simligi bolmag`an jaylawlarmaqul. To`men shuqir, batpaqli jaylawlarda qulinlar o`siwine ha`m tuyaq, ayag`inin` rawajlaniwina jaman ta`sir qiladi.

Jas mallar, su`tli siyirlar, buyaaz ha`m balali shoshqalar, emizetug`in ha`m buwaz qoy, atlar ushin jaqin ha`m jaqsi jaylawlardi tan`law kerek.

Erte ba`ha`rde jaylawg`a mo`lsherlengen jerlerdi xojaliq basligi, zootexnik, vetvrach, ferma basligi qatnasiwindag`i topar tekserip shig`adi, yag`niy olar jaylaw o`simliklerin ko`redi xa`mde lager ha`m turar jay a`njamlarin tekseredi. Suw derekleri ha`m suw sipatin aniqlaydi. Jaylaw toliq ko`rip shig`ilg`annan keyin ha`r qiyli tu`rdegi haywanlar ushin bo`linedi. Jaylaw territoriyasin tayarlawga o`nimdarliqti asiriw jollari ha`m sanitariya sharayatin jaqsilaw da kiredi. Jaylawdi go`n`nen, su`yekler, ha`r qiyli shigindilardan tazalaw, batpaqti quritiw, mineral to`gin menen o`simliklerdi aziqlandiriw, ko`p jilliq o`simlikler egiw, eski haywan qa`birleri a`tirapin oraw kerek.

Haywanlardi qisqi imart yaki lagerlerden jaylawg`a aydaw jollar, ko`pirler, du`zetiliwi, ko`l suwlari quritiliwi kerek. Jaylawdagi mallardan alinatugin o`nimdi ko`beyttiriw ha`m kesselliklerden saqlawda ishiletug`in jaqsi suw menen ta`miyinlew tiykarg`i roldi oynaydi. Jayawg`a kelgenshe suw dereklerine haywanlardin` keliwi ushin jay tayarlaw, qudiqlardi tazalaw, tik qirg`aqlardi tegislew siyaqli jumislar orinlanadi. Suw ishetug`in jer jaylawdan siyir ha`m buzaw ushin 1,5-2 km, shoshqalarg`a 1-1,5, qoyga 3km den aspawi kerek.

Jaylaw sharayatinda sawiwda, dem aliwda, keshqurin ha`m qolysiz hawa rayi waqtinda haywanlar ushin turar jay u`skeneleniwi kerek. Bunday saqlaw gigiena ta`repinen ju`da` paydali. Sebebi haywanlar ha`r dayim taza hawada saqlanadi, qisqi imaratlar ta`mirlenedi ha`m dezinfektsiya qilinadi.

Haywanlar o`nimdarlig`in asiriw ha`m kesselliklerden saqlaw maqsetinde su`t beretug`in siyirlar, bug`alar xa`m 6- ayliqqa shekem bolg`an buzawlar ushin shiypon qilinip, samal esiw

ta`repi jabiladi. Jen`il tipdegi jabiq imaratlar qurilip, stoyla, buzawlar ushin ketekler, nawalar, kanalizatsiya, vodoprovod qilinadi.

Shoshqalar ushin u`sh ta`rep jabik baza shiyponlar ha`m olar ishine stanoklari quriladi. Qoylar ushin jen`il saray yaki jabiq pa`sten shiyponlar ishki a`njamlari menen quriladi. Lagerge jaqin jerde sharwashilar ushin qolay imaratlar quriladi.

Tawiq, sho`je ha`m tu`ye tawiqlardi jaylawda bag`iwda ha`miyshe ha`m ha`reketlenetug`in (do`ngelekli jay) jaylar quriladi, qaysi bir jaqsi jaratilgan, ventilyatsiyasi tuxim tuwiw uyalari boladi.

Haywanlardi ko`klem jaylawg`a aydawdan aldin veterinariya – zootexniya ko`riginen o`tkiziledi. Bunda kem quwat, ariqlari ajratiladi, kesel ha`m kesellikte gu`man qiling`anlari veterinariya xizmetkerleri ta`repinen emlenedi. Kesel ha`m kem quwat mallar ajiratilip bag`iladi. Eger haywan uzaq mu`ddetli juqpali kesellik penen kesellengen bolsa (tuberkulez, brutsellez) olardi allergiyaliq usilda tekseriledi. Qaysi mal kesellikke reaktsiya berse olar ajiratilip, bo`lek halinda zagonda bag`iladi, arnawli kisi tayinlanadi ha`m suwg`ariw jerleride bo`lek boladi. Eger xojaliq yaki jaylaw bazi jugimli kesselliklerge qarag`inda qa`wipli dep esaplansa haywanlar jaylawg`a aydaliwdan aldin emlenedi. Ma`selen: ku`ydirgi, qarasan, saramas ha`m baskalar. Инha`mzion keselliklerdi aniqlawda kaprologiyaliq tekseriw o`tkiziledi ha`mde usi tabilg`an gelmintke qarag`anda degelmintizatsiya qilinadi.

Qaramallardi jaylawg`a aydawdan 1,5-2 ay aldin teri beke qurtina qarsi da`rilenedi. Haywanlardi jaylawg`a tayyarlawda olardin` tuyaqlari egelip, uzin bolsa kesiledi. Atlar bolsa tag`alanadi. Mallardi qulaq nomeri tekseriledi, tiri salmag`i tartiladi ha`m olar jinsina, o`nimdarlig`ina,  den sawligina qarap toparlarg`a ajiratiladi.

Иri shahli haywanlar bag`iliwda to`mendegi toparlarg`a bo`linedi: Siyirlar,buwaz qasharlar ha`m bir jastan u`lken qasharlar, qashatug`in 6-12 ayliq erkek ha`m urg`ashi buzawlar, 2-6 ayliq buzawlar, 2 ayliqqa shekem bolg`an buzawlar bo`lek bag`iladi.

Qoyshiliq fermalarinda qoylar – qozili sawliqlar, anasinan ajiratilg`an qozilar, qashirilatugin qoylar, toqlilar otarina bo`linedi.

Atlar u`yirde bagilip, taylar biyeden ajiratip bag`iladi. Haywanlar ta`biyiy sharayatqa, jaylawdin` otqa baylilig`ina, suwdin` barlig`ina qarap bo`linedi. Joqarida aytilg`anlar tayar bolg`annan keyin hayyaanlar shopanlarg`a dizim boyinsha tapsiriladi.

Malxana sharayatinda jaylaw sharayatina o`tiw 7-10 ku`n dawam etedi. Haywanlardi bir sharayatdan ekinshi sharayatqa tez o`tkizilse haywanlarga jaman ta`sir qiladi yag`niy o`nimdarlig`i pa`seyedi, den sawligina ziyan jetedi. Olardin` birden kok otqa o`tiwi awqat sin`iriwi organlarinin` buziliwina alip keledi. Hayyaanda ish ketiwi boladi, su`ti kemeyedi. Malxanadan dala sharayatina o`tilgende hayyaanlarda shamallaw kesellikleri boladi.

Mallar jaylawg`a o`tiwde ertelep dag`al aziqlardan beriledi, keyin ko`k sho`pke a`ste axirin u`yretilip bariladi. Birinshi ku`nleri haywanlar 2-3 saat jaylawda bag`iladi ha`m keyinshelik 10-12 saatqa jetkeriledi. Malxanada turg`an haywanlar silos ha`m tamir miyweli aziqlar menen barqulla aziqlanip turg`an bolsa, olardi jaylawg`a birden o`tkizsede qa`wipli emes. Jaylawg`a o`tkiziwde a`sirese jas mallarg`a, buwaz ha`m emizetug`in, ariq ha`m kesellengen mallarg`a abayli boliw kerek. Jaylawlarda mallardi Erkin, almastirmay bag`iw xojaliq ushinda sanitariya – gigiena ta`repinen de jaqsi emes. Jaylawdan rejelestirmesten paydalaniw menen hayyaanlardan alinatug`in o`nimdi ko`beyttirip bolmaydi. Sebebi haywanlar qa`legen atlardi jer, qalg`an o`sip atirg`anlarin ayag`i menen basip ketedi. Ha`mde bunday jaylawlar jug`imli xa`m inha`mzion keselliklerdin` tarqaliwina sebeb boladi.

Erkin halda bag`iwg`a qarag`anda zagon usilinda bag`iw bir qansha ta`repten qolayli, yag`niy jaylaw aziqqa bay boladi. Bir zagonnan ekinshisine o`tken son` keyingi zagonlardag`i o`simlikler o`sip turadi. Zagornlardin` sani jaylawlardin` u`lken kishiligine, haywanlar toparlarinin` quramina baylanisli bolip, jaylaw ortasha 6-8 zagong`a bo`liniwi kerek.

Wlken tog`ay jaylawlari 10-12 zagonga, tog`ay sho`l jaylawlar 12-20 zagong`a, sho`l zonalardag`i jaylawlar 20-30 zagong`a bo`linedi. Ha`r bir zagonnan jaz dawaminda 2-3 ma`rte paydalaniladi. Zagonlar bir birinen ta`biyiy tosiqlar – jol, tik jarlar, saylar, darya menen yamasa

jasalma tosiqlar menen ajiratiladi (sim, elektr tog`i h.t.b.) ha`mde suwg`ariwg`a, lagerge qaytiw ushin shig`iw jollari boladi.

Zagon usilindag`i jaylawlar inha`mzion keselliklerge qarsi gu`resiw ushin en` jaqsi usil. Akademik K.И. Skryabin biologiyaliq deha`mstatsiya ushin zagonlar jaqsi na`tiyje beredi dep aytip o`tken. Bunda tezek penen shiqqan gelmintlerdin` tuximlarin quyash nurlari za`roersizlendiriw qasiyetine iye boladi. Sonin` ushin haywanlar 5-6 ku`n bir zagonda bag`ilip, keyin ekinshisine o`tkiziliwi kerek. Bul yaaqit ishinde gelminlerdin` lichinkalari jetilmeydi. Lichinkalar jetilgennen son` qubla rayonlarda 3-6 ay, arqa rayonlarda jil dawaminda jug`iw qa`biletin saqlaydi. Bunday pataslangan zagonnan basqa tu`rdegi haywanlar ushin paydalaniw kerek.

Jaylawlardi almastiriw qan keselliklerine qarsi guresiwde paydali. Qan parazitar keselliklerdi tarqatiwshi keneler haywanlar denesinde 21-24 ku`n tursa, lichinkalar 7 aydan artiq aziqlanbay jasawi mu`mkin. Usi 7-8 ay dawaminda Kene menen za`rerlengen jaylawda haywanlar bag`ilmawi kerek. Birinshi zagonnan ekinshi zagong`a o`tkiziliwde kenelerge qarsi ha`mnnalardan o`tkiziw kerek. Haywanlar zagonnan shiqqan keyin atlar jerden 6-7 sm biyiklikten orip taslanip, tezekleri jayip taslanadi. Haywanlardi jaylawda bag`iw mu`ddeti, ma`mleketimizdin` wa`layatlarda ta`biyiy iqlim sharayatina qarap ha`r qiyli boladi. Tog`ay, sho`l jaylawlarda 150-270 ku`n,tundra ha`m sahra jaylawlarda bolsa jal dawaminda bag`iladi.

Jaylawda bag`iwda haywanlardi shiq tu`skende haywanlardi erte dalag`a aydamaw (jawinnan keyin da) kerek. Haywanlardi tu`ske shekem ta`biyiy ha`m tu`sten keyin jasalma jaylawda bag`iw kerek. Ko`k otti ekkennen keyin tezde suwg`armaw kerek. Ha`zirgi ku`nde rawajlang`an ma`mleketlerde elektr shopannan paydalaniw ken` qollanilmaqta. Bunda diametri 2-3 mm lik simdi metal yaki ag`ash qaziqlarg`a jalgap, joqari ku`shleniwli, az quwatli toq jalg`ap qoyiladi, qaysidur haywan ushin qa`wipli emes. Birinshi ku`nleri haywanlar bilmesten 2-3 ma`rtege deyin simg`a tiyiedi, lekin 5-6 ku`nnen keyin bolsa uliwma jaqinlaspay qaladi, yag`niy olarda sha`rtli refleks payda boladi. Na`tiyjede haywanlar shopansiz ju`reberedi. Tek 2 - zagong`a, suwg`ariwg`a aydalsa shopan kerek boladi. 1 ga jerdi aylandiriw ushin 500m, 2 ga - 600 m ha`m 3 ga 800 m sim ketedi.

Jaylawda bag`iwdin` en` tiykarg`i jumislarinan biri haywanlardi ishetug`in suw meknate ta`miyinlewdur. Haywanlardi waqtinda suwg`armasliq aziqlardi qabil etiwdi pa`seyttiredi, o`nimdarliq kemeyedi, awqat sin`iwi buziladi, denesi qizadi ha`m t.b. jaylawlarda ku`nige keminde 3 ma`rte suwg`ariw kerek. Suwg`arg`anda kishi –kishi topar qilip gezek penen suwg`ariladi. Ko`pshilik jerlerde suwdi boshka ha`m tsisternalarda keltirilip alip ju`retugin nawalarda suwg`ariladi. Bul bolsa haywanlardi jaqsi otlawg`a ha`m ko`p ma`rte suwg`ariwg`a imkan tuwdiradi. Haywanlardi jaylawg`a bagiw ha`m suwg`ariw waqtin rejimge tu`sirilse haywanlar usig`an maslasadi.

Shirkeylerge qarsi gu`resiw – qan soriwshi eki qanatli shirkeyler (shibin, sonalar) ma`mleketimizde ken` tarqalg`an bolip, sharyaashiliqqa u`lken ziwn jetkizedi. Olar haywanlardi biyzawta qiladi, aziqlaniwna xalakt beredi, o`nimdarliqqti pa`seyttiredi. Su`t aliw 20-25% , o`siwi 15-20% ke kemeyedi. Terini buzadi, juqa terilerin jaraqatlaydi. Bazida jas mallarg`a topilis jasag`anda haywanlar buwilip, qansirap o`limge deyin alip keledi. Ko`pshilik qan soriwshi shirkeyler keselliklerdi juqtiradi. Bil shirkeylerdin` topilis jasawi arqa rayonlarda iyunnin` ekinshi yariminda, qubla rayonlarda bolsa aprel, may aylarinda boladi. Olardin` topilis jasawi klimatqa baylanisli. Sonalar mallardi shaqpaydi, lekin olar tuxim qoyiyag`a keledi. Tuximnan 3-7 ku`nde lichinka shigadi. Keyin lichinka teri astina kirip 8-10 ay dawaminda ha`reket etedi. Gu`zde jetilgen lichinka terini tesip shig`ip jerge tu`sedi, pile oraydi ha`m 3-4 ha`pteden keyin sonna bolip ushadi, ha`m ja`ne tuxim qoyiwdi baslaydi. Sonalarg`a qarsi gu`resiw maqsetinde haywanlardi qurg`aq, shamal tiyetug`in lagerlerde saqlaw ha`m lagerlerdi saya shiyponlar menen ta`miyinlew kerek. Ko`pshilik xojaliqlarda bag`iwdi keshkige yamasa ertelep erte xa`m keshke deyin ko`shirgen maqul.

Qan soriwshi xasharatlar insektitsidler menen joq qilinadi: 0,5-1 % li xlorofostin` suwdag`i eritpesi, 1 % trixlormetafoz – 3 yaki karbofostin` suwdag`i emultsiyasi isletiledi. 1 $m^2$

maydang`a 100 ml eritpe isletilip, ha`r ha`pte 10 ku`nde qaytariladi. Shirkeylerdin` topilisinan saqlaw maqsetinde haywan u`stilerine 2-3 % li polixrolpinen, geksamid, karbofoslardi emultsiyalari ha`m su`rtip qoyiladi. Ha`r 3 ku`nde DUK, LSD-2 apparatlari menen sebiledi. Soyilatug`in ha`m su`t beretug`in mallardi polixlorpinen menen juwiw mu`mkinemes. Keselliktí ken` tarqatpaw ushin teri asti sonasi menen kesellengen mallardi dalag`a arnawli da`rilenbesten shig`armasliq kerek. Ha`mde olardi ushiw waqtinda haywanlardi sayada saqlaw ha`m waqti waqti menen shomildiriw kerek.

Su`ttin` pataslanbaslig`i ushin, sawilatug`in siyirlardin` jelini ha`r qiyli da`ri menen islew berilgennen keyin jaqsilap juwiliwi ha`m tazalaniwi za`ru`r. Haywanlardi go`shke tapsiriw, soyiw ko`rsetilgen instruktsiyag`a tiykar a`mel qilinadi. Ma`selen: xlorofos penen islew berilse 15 ku`nnen keyin, u`sh xlor-metafos penen islew berilse 60 ku`nnen keyin soyiwg`a ruxsat etiledi.

**Tiykarg`i a`debiyatlar:**

1. Suvonqulov Y.A. "Qishloq xwjaligi  haywanlari gigienasi"  Toshkent, 1994 j.

**Qosimsha a`debiyatlar:**

1. Kuznetsov A.F., Demchuk M.V. – «Gigiena selskoxozyaystvennix jivotnix» Moskha`m, 1991
2. Medvedskiy V.И. «Soderjanie, kormlenie i uxod za jivotnimi». Minsk, 2007
3. Kochish И.И., Kolyujniy N.S., Volchkoha`m L.A., Nesterov V.V. «Zoogigiena» Moskha`m, 2008